



Pitit la, yo Objè

The Prodigal Son

Luke 15: 17-31

Pitit la, yo Objè

Lik 15: 17-31


NGO Haiti

www.ngohaiti.com

Tools and Resources for Haiti



Jezi di ankò: Vwala, se te yon nonm ki te gen
de pitit gason.



Pi piti a di papa l': Papa, ban m' pa m' nan byen nou yo. Lè sa a, papa a separe byen l' yo bay tou de.



Kèk jou apre, ti gason an ranmase tout afè l', li pati, li ale nan yon peyi byen lwen. Antan li la, li lage kò l' nan banbòch, li gaspiye tout lajan l'.



Lè msye fin depanse tout lajan l', yon gwo
grangou tonbe sou peyi a. Lè sa a, li vin nan
nesesite. li al mande travay lakay yon abitan nan
peyi a. Abitan an voye l' nan jaden l' al gade
kochon. Lè sa a, li ta byen renmen plen vant li ak
sa kochon yo t'ap manje a, men pesonn pa t' ba li.



Se lè sa a atò li pran kalkile sou sitiyasyon l'. Li di konsa: Gade kantite moun k'ap travay kay papa m' pou lajan! Yo jwenn manje depase sa yo ka manje. Epi mwen menm, m'ap mouri grangou isit la. M'ap leve, mwen pral tounen jwenn papa m', m'ap di li: Papa, mwen peche kont Bondye, mwen peche kont ou menm tou. Mwen pa merite pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò. Gade m' tankou yonn nan moun k'ap travay avè ou yo. Li leve vre, li pran chemen tounen kay papa li.




Msye te byen lwen kay la toujou lè papa a wè li.
Kè papa a fè l' mal, li kouri al rankontre l', li pase
men l' nan kou pitit la epi li bo li.





Petit la di li: Papa, mwen peche kont Bondye,
mwen peche kont ou menm tou; mwen pa merite
pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò.







Men, papa a di domestik li yo: Ale vit.



Pote pi bèl rad la, mete l' sou li pou mwen.



Mete yon bag nan dwèt li, mete soulye nan pye li.



Al chache jenn ti towo nou t'ap angrese a, touye l'. Ann fete, ann manje. Paske, pitit gason m' sa a te mouri, men li tounen vivan ankò; li te pèdi, koulye a mwen jwenn li.



Epi, yo kòmanse fè fèt.

Lè sa a, pi gran gason an te nan jaden. Antan l'ap soti nan jaden, lè l' rive pre kay la, li tandè mizik la ak vwa moun k'ap danse yo. Li rele yonn nan domestik yo, li mande li: Sak genyen?

Domestik la di li: Ti frè ou la tounen. Papa ou fè touye jenn ti towò nou t'ap angrese a, paske li jwenn msye an sante. Gran frè a fè kòlè, li derefizè antre nan kay la. Papa a soti, li mande l' pou l' antre.

Men, gran frè a reponn papa a: Gade tout tan mwen genyen depi m'ap sèvi ou; mwen pa janm derespekte lòd ou. Men, ou pa janm ban m' yon ti kabrit menm pou m' fè fèt ak zanmi m' yo. Men, lè pitit gason ou lan tounen, li menm ki fin gaspiye tout byen ou yo ak jennès, se pou li ou fè touye jenn towò nou t'ap angrese a.

Papa a di li: Pitit mwen, ou toujou la avè m'; tout sa m' genyen se pou ou.